

# RANFÒSE KAPASITE ADMINISTRASYON MINISIPAL YO

*Retounen sou esperyans PAGODE an Ayiti (2019 – 2023)*

*Ki jan pou ranfòse kapasite administrasyon minisipal yo? Se sa fich sa a prezante atravè pwoesisis ak lesion yo te aprann nan 11 komin ki patnè ak yo.*

**Pwogram Modènizasyon Administrasyon Kominal la (PMAC),** Direksyon Kolektivite Teritoryal (DCT) Ministè Enteryè ak Kolektivite Teritoryal (MICT) te mete kanpe, se Pwogram PAGODE la ki te ba li apui. Anpatikilye, objektif la se te **konsolide kapasite lokal ki te egziste deja yo nan mitan administrasyon minisipal nan onz komin ki patnè yo**, dekwa pou garanti enstitisyon yo solid epi aksyon yon mennen yo dirab, konsa komin yo ap ranfòse.

Konkrètman, kontribisyon PAGODE te bay nan egzekisyon plan DCT a te konsantre sou **evalyasyon pèsònèl minisipal la, fòmasyon tematik** ki te fèt pou nwayo teknik ak administratif andedan komin yo (ajan ak eli yo), oswa menm devlopman yon **pwogram fòmasyon ki debouche sou yon diplòm nan jesyon minisipal**.

Kòm pwoesisis ranfòsman an te bay bon rezulta, fich sa a ap tounen sou esperyans ki te fèt nan aksyon apui jesyon pwojè minisipal yo (MOC). Li vin konplete fich kapitalizasyon " gichè komen FIL " ki gen rapò ak konsepsyon epi ekzekisyon pwojè minisipal Fon Envestisman Lokal (FIL) finanse yo.

Pagode te bay akonpayman I nan domèn teknik af finansye, konsepsyon, modelisation ak pwogramasyon mizannèv PMAC a. An menm tan, aktivite pwogram yo te deplòtonnen nan 3 depatman yo ak sipò patnè konsòsyòm la sou teren an.

## Akonpaye mizannèv PMAC a

Metodoloji mizannèv PMAC a gen ladan I 5 etap prensipal ki vin youn apre lòt:

- 1) Tabli pwofil pèsònèl la ak administrasyon an;
- 2) Fè premye evalyasyon administrasyon ak politik piblik lokal yo;
- 3) Retabli pèsònèl administrasyon an: fè evalyasyon ak rekritman manm pèsònèl la;
- 4) Reyalize pwofesyonalisasyon ak evalyasyon pèsònèl la;
- 5) Planifye objektif ranfòsman an.

Patnè PAGODE nan Sid (ITECA) ak Grandans (GRAMIR) te bay akonpayman sou kesyon referans tematik DCT yo nan deplòtonnen diferan etap sa yo nan mitan komin yo. Patenarya sa a te pèmèt mobilize resous teknik ak finansye pwogram nan pou apuiye mizannèv PMAC a. Li te pafwa etann, nan yon lojik solidarite, a lòt komin nan depatman sa yo, menmsi yo te bay lidèchip politik ak enstitisyonèl MICT a tout plas li.

## Difikilte ki te rankontre

Gen **yon seri kontrent ak ensètitid** ki te make anviwònan enstitisyonèl pou egzekisyon aksyon PAGODE la ki te vize ranfòse aktè desantralizasyon yo, anpatikilye otorite ak kad minisipal yo, tankou:

- Kontèks politik nasyonal la ki te make ak enstabilite epi ajitasyon kontamine apwòch la ak enpak li sou ranfòsman teknik ak administratif komin yo;
- Demotivasyon pèsònèl politik ak administratif nan minisipalite yo akòz yon kriz finansye grav ak gwo aryere salè sou plizyè mwa.

## **Administrasyon minisipal yo nan kè estrateji PAGODE la**

Nan fen aksyon I pou ranfòse jesyon pwojè kominal yo, MICT espere fòme kolektivite teritoryal ki :

- Modèn,
- Estratejik,
- Patnè,
- Pwòch popilasyon an atravè sèvis yo ofri yo.

Dapre objektif sa a, pwogram nan te revizite chèn pwodiksyon ak founiti sèvis biblik yo pou idantifye espas ki merite ranfòse, mobilize ak rantabilize.

Pou kòmanse, li te nesesè pou:

- Idantifye bezwen popilasyon yo nan sa ki gen pou wè ak sèvis lokal yo ak opòtinite ekonomik yo;
- Chwazi zouti ki pou devlope yo.

PAGODE te fè chwa estratejik pou negosye ak administrasyon kominal yo, malgre frajilite yo, pou sipòte aksyon sa yo.

## **Yon nwayo ki ranfòse nan mitan ekip minisipal ki anchaj jesyon pwojè**

Apre yon reyadaptasyon nan fen PMAC a, PAGODE te kontinye mennen aksyon an ak etap PMAC yo. Apwòch la gen objektif pou **motive epi kenbe nan administrasyon kominal la, yon nwayo teknik ak administratif** ki koresponn ak pwofil prensipal yo nan PMAC a.

Nwayo teknik ak administratif sa a, ki rele Ekip Minisipal Apui Teknik (EMAT), anplis Direktè Jeneral la oswa Sekretè Jeneral la, se manm Komisyón Espesyalize Mache Biblik yo (CSMP) otorite minisipal yo te tabli, anaplikasyon lejislasyon ayisyèn nan sou pwosedi pasasyon mache biblik yo.

Ranfòsman sa a fèt nan kad responsablite administrasyon kominal konsèy minisipal la dirije a genyen nan kesyon jesyon pwojè.

Aksyon ranfòsman an vize administrasyon kominal la atravè EMAT, dapre oryantasyon yon nòt kadraj MICT te valide.

Kòm se administrasyon minisipal la ki se enstriman ki sèvi konsèy kominal la pou li aplike politik biblik li yo pou byennèt popilasyon an, EMAT asire, nan mitan li ak nan non li, lidèchip nan operasyon minisipal yo ak founiti sèvis biblik nan onz domèn konpetans komin

yo jan lalwa mande sa.

Anpatikilye nan domèn sa yo :

- Planifikasyon devlopman lokal ;
- Finans lokal/ Fiskalite lokal ;
- Envestisman/Devlopman lokal ;
- Jesyon dechè ak divès rezo : dlo potab ak asenisman ;
- Jesyon ekipman kolektif : mache, abatwa, simityè, plas biblik.

Aksyon ranfòsman an baze sou yon doub motivasyon: fòmasyon ak operasionalizasyon sèvis biblik yo. Objektif la se pou aktè kominal yo kapab kontinye aprantisaj sa a pandan y ap deplwaye aksyon yo.

## **Soti nan fòmasyon tematik rive nan fòmasyon ki debouche sou yon diplòm pandan ou nan yon travay**

Tèm aksyon fòmasyon an koresponn ak zouti gouvènans administrasyon kominal la dwe devlope epi se **enstitisyon biblik yo ki egzekite yo** paske yo gen responsablite legal ak nòmatif nan domèn sa a. Konsa, pwogram nan asire l gen konfòmite ak kontni fòmasyon an, yon rapwòchman fonksyonèl ant enstitisyon sa yo nan administrasyon santral la ak komin yo, epi yon baz enstitisyonèl ki efikas.

Tèm	Enstitisyon
Katografi risk yo.	Direkson Jeneral
Planifikasyon ak devlopman territoryal	Pwoteksyon Sivil la Direkson Amenajman Teritwa ak devlopman lokal.
Jesyon kòmann biblik	Komisyón nasyonal mache biblik MICT
Elaborasyon ak egzekisyon bidjè kominal la	Kou Siperyè Dèkont ak Kontansye Administratif

## **Yon pwogram fòmasyon pou diplòm ki byen pre administrasyon territoryal yo**

Anplis aksyon nou deja pale sou yo, pwogram nan te vize bay Invèsite Biblik Sid Okay (UP SAC) yon sipò teknik nan **mete kanpe yon pwogram fòmasyon kout nan jesyon minisipal**, sou responsablite Ministè Enteryè ak Kolektivite Territoryal yo (MICT).

Piblik sib la yo te chwazi apre aktè kle yo te idantifye bezwen fòmasyon yo – an patikilye majistra yo atravè Asosyasyon Majistra Sid yo ak MICT a – se te:

- ajan nan kolektivite territoryal yo nan venteyen pòs kle yo (oswa metye) nan òganigram-sib yo, ladan I yo pral ajoute metye achivis. Apwòch la pral yon aksyon fòmasyon pwofesyonèl, ki pa menm ak yon aksyon fòmasyon inisyal;
- manm konsèy minisipal la. Apwòch la ta dwe yon aksyon pou ranfòse kapasite yo dekwa pou pou yo egzèse manda yo ak ranpli fonksyon yo pi byen;
- kandida potansyèl pou pòs minisipal yo. Apwòch la pral yon preparasyon pou egzamen rekritman PMAC a.

Yon pwojè fòmasyon ki konprann kat sik fòmasyon kout sou jesyon minisipal epi ki vize twa piblik-sib ki idantifye pi wo yo:

- yon sik dekouvèt fonksyon elektiv minisipal yo;
- yon sik apwfondisman fonksyon elektiv minisipal yo;
- yon sik sou eleman fondamantal jesyon minisipal la, ki fèt pou ajan kominal ki nan pòs yo. Li pa menm ak fòmasyon inisyal la epi li vize fòmasyon pwofesyonèl;
- yon sik preparasyon pou egzamen rekritman ajan kominal yo ki òganize nan kad PMAC a.

## Sou pètinans ak itilite piblik fòmasyon esperimental la

UP SAC te fè espèryans ak met etikèt sou kontni ak sou administratè (pwofil pwofesè), jan direktiv pwogram UEH te mete sou pye a epi yon espè entènasyonal nan gouvènans lokal (Vincent Potier) te rekòmande l.

Objektif fòmasyon esperimental sa a :

- dwe entegre nan pwogram fòmasyon kout UPSAC a, pou yon lisans pwofesyonèl;
- dwe jeneralize epi etann a lòt sant fòmasyon sou tout teritwa a, an patikilye filyal UEH yo nan Pòtoprens ak nan rezo UPR ki anba lobedyans Ministè Edikasyon Nasional ak Fòmasyon Pwofesyonèl.

## Leson ki te aprann

- Nan sa ki gen pou wè ak otorite yo, pam iyo AMSUD: lidèchip tout moun rekonèt nan mobilizasyon manm li yo ak nan plede pou konsepsyon, aplikasyon ak kontinyasyon pwogram nan;
- Nan sa ki gen pou wè ak majistra yo: yon enterè ki vin piplis nan pote konesans teyork ak konesans pratik nan administrasyon yo pou yo ka pi efikas ak bay plis rannman nan aksyon ak sèvis minisipal yo.
- Nan sa ki gen pou wè ak ajan yo: yon prezans regilye nou pa t atann, akoz demotivasyon ak dekorajman ki travèse tout administrasyon kominal peyi a paske kondisyon travay yo pa favorab.
- Nan sa ki gen pou wè ak anviwònman fizik ak lojistik: yon espas agreyab epi ki rezève pou fòmasyon an. Inivèsite Piblik Sid la nan Awondisman Lèkay, UPSAC, yon manm rezo inivèsite piblik nan rejon an, ki anba lobedyans Ministè Edikasyon Nasional, ofri yon espas lokal pou fòmasyon moun ki nan travay, fòmasyon kontini ak devlopman ajan ak kad kolektivite territoryal yo.

## Rekòmandasyon pou mete kanpe demach ki menm jan ak sa a

Fòmasyon eli, ajan ak kad kolektivite territoryal yo dwe toujou reponn ak bezwen aktè yo nan twa domèn sa yo : politik, enstitisyonèl ak teknik. Se sou baz bezwen sa yo nou fè rekòmandasyon ki suiv yo:

- Obligasyon pou respekte oryantasyon ak direktiv ki defini nan politik piblik yo nan kolaborasyon avèk enstitisyon k ap sipòte demach la (nan ka espesifik sa a MICT);

- Korespondans ak konpetans ki disponib nan kolektivite territoryal yo, responsabilite pèsonèl politik ak teknik nan administrasyon kominal la;
- Kontribisyon pou ogmante kalite sèvis minisipal yo;
- Kapasite adaptasyon ak reyalite enstitisyonèl ak sosyo-politik ki trè enstab ;
- Motivasyon atravè kèk mezi ankourajman pou kad administrasyon kominal yo nan animasyon demach sa yo, anpatikilye Ekip Minisipal pou Apui Teknik yo (EMAT), sitou nan yon kontèks ki difisil ak frajil.
- Akonpayman aktè lokal yo, sitou minisipalite yo, pou yo mete kanpe yon kad enstitisyonèl minimòm ki kapab asire pilotaj aksyon yo.
- Itilizasyon, nan kad rezo dekonsantrasyon/desantralizasyon an, sèvis dekonsantre Leta yo pou ranfòse kapasite MO kolektivite yo.